**Дагъистаналъул террористазе кумек гуржияз гьабулеб буго**

Закир МухIамадов

3

**Зулмуялъ босараб бергьенлъи**

5

**Полковник Багьавудин Хуршилов кив вукъарав?**

Дугъричил МуртазагIали

7


# Миллат

ДУЦА КЪУВАТАЛЪЕ РОРХУГЕ КВЕРАЛ, КУМЕКИН АХIДОЛЕБ БУГО МИСКИНЛЪИ

*Р. XIамзатов*

№11 (11) 19 август 2011 сон МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА


*редакторасул калам*

## Чваххияз росулел гIиссинал ччугIби...

XIурматиял «Миллат» газеталъул цIалдолел, жеги рекIелъги чорхолъги аваразул бихьинчилъиялъулги, яхIалъулги, намусалъулги хIуби бегизе течIел ясалги васалги. Ниж цIакъ разиял ва рохарал руго газеталъул цIаралда нужеца ритIулел кагъта здасаги, рорхулел суалаздасаги, цо-цо нижер гIунгутIаби рихьизарун хъвалеб кантIиялъул каламалдасаги. Дица абиларо гьаб газеталъ авар халкъалъул рухIияб гIумруялъулъ инкъилаб гьабунин, ялъуни гьалъ гIалам кантIизабунин. Гьеб ункъгояз гъеж гурун лъугьунеб масъдун дандчIвайдал, абизе рагIи батуларого. Лъабабилел бищунго «Миллат» газета рихараб горсвери балагьун какдолел руго. Дир гъозде кинабгIаги ццин гьечIо, ракI гурхIиялъул асар гурони. ЦIалдолесда ккела дица гъозул цIарал щай рехсоларелин, гъол нечезе ругеб куц цебе тIамун дунго нечолев вуго рехсезе.

ГIиллаго гьечIого тохаб, хIалихьатаб иш борчIарал чагIи халкъалда суризаризе бегьилищ? Гъозул гIемерисезда ккана церецере жидецаго хIал бихьарал газетал гIадин цо-кIиго номералдалъун тIалъарав Хасавюрталдеги ккун, гьениса магIарухъе анин рагIана, кIиабилесул цIакъ ракI хун буго нижер газеталда ГIадалло ГIалиевасул сурат бихьун, ГIадалло я газеталъул учредитель гуро, я реколлегиялда гьечIо. Лъабабилев лъугьуна дандчIванщинахъе газеталда хъвараб жоялъ гIалам хисуларин гIакълу кьезе, ункъабилев… Гьасул дагьаб мухIканго бицине ккела. Гьев шайтIабаца ккун вугин абуни, гьеб кколеб буго шайтIаби гIодорегIан гьарураб гIадаб жо. Газета рагьараб къоялъ вачIана гьелъул кIваралъул бицине, рагIиги кьуна цадахъ хIалтIизе, редколлегиялдеги восана. Лъабго анкьалъ тIалаб гьабун цо макъала битIун бачIана макьилъ рихьарал гIадал жал хъвараб. Цо сордоялъ ахIана сагIат 10 тIубарабго къаси. ЦIакъ гIамал кIодого кIалъана, культурный чияс 9 тIубаралдаса нахъе ахIуларин. Гьеб дие бицунеб хабар букIинчIо гьесул, столалда нахъа жиндие шиша босарав чиясда рагIизе, кигIан хIажатаб ва борхатаб ворженалъул хIанчIие хъулухъ гьабулеб бугебали.

**Михаил Светловас** ахIун букIун буго жиндир гьудуласухъе сардилъ цIияб кечI цIализеян, макьихарав дов зигардидал жаваб кьун буго: «**Простите, я думал дружба – понятие круглосуточное»,** – ян абун буго Светловас. Гьев унтарав чи вуго. Дагъистаналда жиндир творчество бичIчIулеб даражаялъул гIадамал гьечIин рагьун абулев чиясе садакъа къабуллъула. Гьединаб буго, гьудулзаби, «Миллат» газеталда сверухъ ахIвал-хIал. Гьел газеталъе я зарал, я пайда гьабизе гIурал чагIи рукIиналъ бицунеб хабар гуро гьаб. Гьаб буго гIадамазул хасиятазул ва гьудуллъи абураб рагIи гIемерисеб мехалда гьадингосеб гьури букIин бичIчIиялъе хъвалеб жо. ГIумруялъ роцIцIарал бераз балагьизе тIамулел руго гIадамазухъ, дунго гIемерисеб мехалъ гIакълуялда гьикъичIого рекIел асаралда хадув ун ватула. Дица бицен гьабулел чагIи руго хъвадарухъаби, поэтал. Гьезул цо-цо лъикIал асаразги рачун ратила ниж гьеб нижеда гьудуллъиян ккараб жоялде. Амма гъол хъвай-хъвагIаязда нахъа ратана цIакъ кIудияб хIухьелалъул ва хIалакъаб пикруялъул палугьаби. КватIун ричIчIана, «**хех кьуна баркала квер лъухьаразе, кватIана нагIана гьерсихъабазе…».**

**Бокьилароан дие гъол гIиссинал рукIин лъазе. Гьаб сагIаталда «Миллат» газета буго бищунго какизе мустахIикъаб болжалалде щун. Загьирлъичlеб гIадин теялдасаги борчIараб, гъол мукIурлъулеб ва къезарулеб даражаялдеги бахинчIеб.**

алаги гуро. Амма кIвана газеталда щибаб аваразул районалдаса дандерижи бачIунел чIчIвабзазда хъвазе. Гьел гIемерал гьечIо, ругезул пикруги, рагIиги нижее цIакъ къиматаб буго. ГIажаибаб гьакинух батана дида хъвадари ва цIияб ишалде квербай.

ГIемераб жоялъул хIисаб гьабизе тIамуна дун «Миллат» абураб газета биччазе байбихьарабго. Гьалъ дие чанги цIияб жо – гIадамал, хасиятал рагьана. РикIкIадисел гIагар гьаруна, гIагарал, дир гьудулзабиян сверухъ рукIарал чагIи рикIкIалъана. ГIиллаго гьечIого ана гъол дида аскIоса нахъе. Дица гъол чагIи гьудулзаби гIадин къабул гьарулаан цере, цо цIар лъезе лъалареб унтиялъ ккуна гъол цIияб ишалде дун варабго. Гьезул цо-цоял щибниги газета биччаялде иш гьечIев чиясухъе ун ратана балъго, газеталъе кумек гьабугеян.

Цогидал цо цIа-кан бахарал чагIи гIадин руцIцIун чIана нухда лъугIилин «Миллаталъул» къисматин. Гьаб какулев цо ашбазчиясул хоралда гIахьаллъун ратана. Дун хIинкъулев вуго шагьаралда тохлъукьего гъол нухда данчIвалин, кинаб гьумергун сон вукIарав гьудул дида цеве эхетилев?

«**Чваххияз росулел**
**гIисинал ччугIбулъ**
**Цо-цо лъалев гьудул**
**дандчIвала дида»,** – ян букIана цо кочIолъ.

Бокьилароан дие гъол гIиссинал рукIин лъазе. Гьаб сагIаталда «Миллат» газета буго бищунго какизе мустахIикъаб болжалалде щун. ЗагьирлъичIеб гIадин теялдасаги борчIараб, гъол мукIурлъулеб ва къезарулеб даражаялдеги бахинчIеб. ГIажаибал, рукъ бикъараб мехалда цIогьорасул гIадал хасиятал загьирлъулел руго гьезул дунгун дандчIвараб мехалда. Цоясул квешго тату хвана газеталъул верстка «лъикIаб» гьечIин, гьеб квеш букIун дидаса ва-

*санагIат гьечIел суалал*

## Авараз къеркьеялъул гуреб шигIру къабул гьабуларо...



**Жакъа «Миллат» газеталда гьоболлъухъ вугев ГIадалло вагьабиявлъун рикIкIунев чияс гьаб гара-чIвари цIалуге, хасго кIал ккун батани. Нужеца ГIадаллое кьезе ритIарал суалазулъ I3 гоялдаса анцIго суал буго вагьаблъиялда ва чачанлъиялда хурхараб. Газеталдаги ГIадаллодаги кинал цIарал нужеца лъуниги, бокьараб пикруялъе эркенлъи кьеялъул кьучIдаса ниж кьуризе гьечIо. «Я могу быть несогласным с вашим мнением, но я отдам жизнь за ваше право высказать его…» -ян абун буго Вольтерица. Гьебго хIисаб буго нижерги цIалдолезда хурхун. Суалал ритIарал чагIазда гIайиб чIваларо, гьел руго «Дагъправда» ва «XIакъикъат» газетаздаса гурони информация щвечIел чагIи. ГIадаллоги нужее бокьани къабул гьаве, бокьичIони гьавуге, амма гIумруялъухъ ва гIадамазухъ роцIцIарал бераздалъун ралагьизе нилъее цебего заман щун буго. Гьаб нухалда М.БисавгIалиевасул санагIат гьечIел суалазе жавабал кьолел руго шагIир ГIадаллоца.**

**— ГIадалло, шагIир хIисабалда духъ гIенеккизе бокьун цIалдолел ругин абуни гьереси букIина. Мун гIемерисезе интересав вуго дур цIаралда сверухъ гIемераб хъуй букIарав чи хIисабалда. Суалалги гьелдаса байбихьизе къасд буго, щибдай ккела нилъер?**

— Гьаб гара-чIвари гьабизе дица изну кьейги хIисабалде босун, дуца цониги суал тоге дидаса жаваб рагIизе бокьараб. Жеги-жеги гьоркьоса къотIичIого тIолеб буго диде тIаде бугьтаназул тIупан. XIакъикъат лъазе ккани, букIине ккола рагьараб ва рагIа-ракьанде щвараб гарачIвари.

**— Гьедин батани, дол 1990 абилел соназда тIолабго Дагъистаналъе рихарал чачаназул дове мун щибизе арав. Мун хIакъикъияв поэт вугин рикIкIунел дагъистаниял дудего хиянатчиян гаргардизе тIамиялъул магIна щиб?**

— XIакъикъияв поэт ва хиянатчи абураб цоцаздаса цIакъ рикIкIадаб кIиго бичIчIи киданиги цадахъ букIине ресго гьечIо. Я дун поэт ватиларо, ялъуни хиянатчи ватиларо. Гьел цадахъ рукIунел рагIаби гуро. Дица анцIила щуго соналъ цебе хъвана: «**Дагъистаналъул тарих щун буго жиндир цебетIеялъулъ бищунго захIматаб ва кризисалъулаб болжалалде. Крисизалъ ккун руго гIумруялъул киналго рахъал ва дагъистаналъул халкъалъул бичIчIи. Дагъистаналъул халкъаздаса цо халкъ — чачанал, тIубанго лъугIизариялда хIинкъи бугин. Киналго заманабазда ва тарихалда Дагъистаналъул бутIалъун букIана чачаназул ракь ва халкъ. ГьабсагIаталда ругел гIорхъаби гьаруна пачаясул ва советазул Россиялъ империялъул нухмалъияльул къагIидаялда «рикь-рикьизари ва ханлъи гьаби» абураб принципалъул нухмалъияльe. ГьабсагIаталда ругел тIадчагIи ва гьезие мутIигIаб халкъ кантIулеб гьечIо гьеб кIиябго халкъалъул гIаммал кьалбал ва цогояб тарих букIиналде. Гьедин хъвана дица дол соназда.**

⇨2

№11 (11) 19 август 2011 сон



# Авараз къеркьеялъул гуреб шигIру къабул гьабуларо...

**⇨1 — Гьеб лъала киназдаго, дида бичIчIуларого буго цохIо жо. Поэтасда дагъистаниязул ва аваразул дол соназда ругел пикраби ва чачаназде бугеб бербалагьи кин бичIчIичIеб? Гьел дур гьудулзабилъун рукIарал Дудаевасул ва Яндарбиевасул пачалихъалъ рикъулел рукIана Дагъистаналъул гIадамал, боцIи, талавур гьаруна поездал. Дуда гьеб квеш щай букIинчIеб аваразул поэтасда?**

— Дида дора ккарал лъугьа-бахъинаназул хIакъикъат жанисаго лъалаан. ТIолабго Дагъистан абуни пропогандаялъул гьороца тIамах гIадин хъамулеб букIана. Рокъов гIодовги чIун телевизоралъ бихьизабураб ва газеталда хъвараб жоялъухъ гIенеккун чIун вукIаравани, дунги хутIилаан гьанив, чачанал какулеб хоралда. Д.Дудаевасухъ гIодор чIун рукIана, дица Хункарпаша Исрапиловасда гьикъана щай дагъистаналъул гIадамал рикъулел нужецаян. Гъов ццин бахъун лъугьана «Ниж цIогьал гуро, цIогьал руго нуж. – ан абуна гьес. Нужер угърашаз викъарав чи вичулев вуго нижер угърашазе. Хадуб гьоркьохъанлъиялъул гIарацги босун, Дагъистаналъул политикаялда жидеего цIар гьабулеб буго». Чанги нилъер машгьурал чагIи лъала дида гьеб бизнесалда рукIарал ва хадур дида рогьрал рарал. Халкъалъе хIакъикъиял хиянатчагIи лъугьана бахIарзаллъун, бахIарчияб иш гьабурал хиянатчагIилъун. Пайда щиб кинабго бицине бегьулеб гьечIо.

**— Гъизларалде С.Радуевас гьабураб чабхъенги нилъ рокьун гьабураб ишищха букIараб?**

— Дица гьикъана Радуевасда гьелъул хIакъалъулъ. Гьес абуна мунила лъикIав поэт вугин рагIанила жинда, гьединлъидал дуда тарих лъачIого букIине рес гьечIила. Россиялда данде рагъ гьабулаго имам ГъазимухIамадги, Шамилги, граждан рагъул соназда УзунхIажиги Чачаналде аскаргун нижедаса изнуги гьарун рачIунел рукIинчIогури. Дагъистаналъул ва Чачаназул букIана гIаммаб ракь ва тушманасда данде багъулеб цохIого халкъ. Чачаналда тIаде бомбаби Гъизларалъул аэродромалдаса боржунеб авиациялъ реххулелъул жинца гьужум цойги кибейила гьабизе кколеб букIарабан гьикъана гьес дида.

**— Имам Шамил ва Узун хIажи гъоркьлъалие чачаназул руччабиги росун рорчIараб бакI дида рагIичIо**

— Гьеб суалги лъуна дица гъосда цебе. Гъос абуна Шалиялда роддомалде ва яслиялде Гъизларалдаса бачIараб авиациялъ рарал бомбабаз гъурараб халкъ бихьанищ дудаян. Гъол жинца рачичIила ,жалго рачIанила, гIемерал чагIи чIванила жидер гIурусаз балеб бомбаялдаса гьел цIунулаго.

**— Гьеб жо гьереси букIинчIин абиларогури дуца?**

— Гьересийищ битIараб дида лъаларо, жаваб гьединаб букIана.

**— Хадув турказде ккана мун, ракI бухIанищ дове ккеялдаса?**

— Доба дир лъикIаб адаб гьабулеб букIана, тIахьалги рахъана, лъикIал шартIалги рукIана. Гьеб ностальгия абураб жо, аваралъ ватIаналъухъ урхъийищ гъолда абилеб, гъолъ чIвалев вукIана. Дур тIокIав ватIаналде вуссине рес гьечIин абураб жоялъ кIвекIула инсан. Гьеб букIинчIебани, вачIун ине толев вукIаравани дун гъоваго чIезеги бегьулаан.

**— Мун МухIамадгIалица вачанаха Дагъистаналде, съездалда гьесул васги веццана дуца**

— ВеццичIо, гьеб гьереси буго, мунги вукIанагури гъоб съездалда. Дица абуна МухIамадгIалица гали лъунин диалогалде, дунги тIад вуссанин гьесул заманалда.Дида ккун букIана цо галул къадаралъниги тIадчагIи гIакълуялъул нухде рачIанин. Амма гьел тIад руссунел чагIазул сияхI дидаса байбихьанин ва дидаго лъугIизеги лъугIанин. БатIияб гъозие рецц гьабураб жо абун букIинчIо. Киса — кирего тIиритIизарулел руго харбал ГIадаллоца гьел рецца нин. Доб съездалдаги вукIарав, гьенир дий кIалъайги рагIарав дуцагоцин бадивеги валагьун бицунеб гьеб жо щиб кколеб?

**— РачIинин дуца 1992 абилеб соналъ Хъвадарухъабазул Союзалдаса нахъе анин хъвараб кагътиде, сундулъ букIараб гIилла?**

— Цо гуро. ГIемер рукIана гIиллаби. Гьезул хIакъалъулъха «Рагьараб кагъат» бугебги. Къокъаб хIасил, аслияб куцалда хабаргьечIого Союзалде росулел рукIана гьоркьохъеб пагьму-гьунаралъул гьалмагъзаби. Гьезде абулаан хъазалин – дагьа-дагьал рекерулел, дагьа-дагьал роржунел, дагьа-дагьа лъедолел. ХIелхIелчилъиялъул махщелалдалъун гьезие киса-кибего рагьараб нухги букIана. ХIехьезе кIолеб хIал букIинчIо.

**— Мисалал раче, лъие нух кьечIеб?**

— ГIалиев МухIамад — поэт. Гьев чиясул асарал гIурус мацIалде руссинарун рукIана Евтушенкоца, Р.Рождественскияс ва дунялаладаго рагIарал гIурусазул поэтазги. Гьеб жо хIехьезе кIвечIо нилъер цоцоязда. Гьанибги Москваялдаги гьел «цоцоязул» кверщел букIиналъ нух кьечIо. Гьекъолдана гъов, хвана. Ожлайс Сулеймановас биччазабуна гъосул тIехь казахазул доба, гьаниб биччачIо. Жеги мисалал руго, киналго рехселарин. ХIасилул калам, нилъер миллаталъул тIалабги гьабулел, рухIияб, гIаданлъиялъул рахъалъги рацIцIадал чагIи рукIаралани дол соназда нухмалъуда, гIемерал гьунарал тIатинаан. Гьезие нух букIинчIо, гьелъул гIаксалда, киналго бакIал ккун рукIана далайчагIаз — я бихьинчилъиялъул, я гьунаралъул махI гьечIел гIадамаз. Гьелъ хвана поэт абураб цIаралъулги жибго шигIру— кечIалъулги къимат. Гьелъул рахъалъ хъвана дица дол соназда:



***КочIол мугъ бекараб век щвана дие,***
***ШагIирал лагълъараб лъугьана гIумру.***
***ГIемер къо хIехьараб бихьинлъиялъул,***
***Бихьиладай сахлъун сакъатлъараб черх?***
***Чанги кочIол бугъил гъугъадиялъухъ***
***Гъуцlун гIенеккарал гIазулал тIогьал.***
***ГIищкъуялъул цIурал цIумазал куркьбуз***
***Кин лъалхъизарурал лъарал ва гIорал?***
***ГIазизаб Дагъистан, дур жан берцинлъи,***
***Инсанасулъ бечIан чIван буго дир ракI.***
***Ва дур чIухIиялъул хIуби букъулел,***
***ХIапарабаз вуго дунги кваналев.***

**— Гьедин тела, дида бичIчIуларого буго дур гали Союзалдаса нахъе иналда хурхун, пачалихъалъ тIахьазухъ гонорар кьолареб мехалда мун нахъе ун вуго, улка биххараб мехалда партия тун буго, гьеб битIун бугищ?**

— Гьеб суал дие анцI—анцI нухалъ кьуна, гьединго суал кьун букIана дие журналист Светлана Анохиналъги. Дир инсул рукIана хурзалги, кулалги, ахалги, рохьги, гIи—боцIиги. Гьеб кинабго бахъун ана пачалихъалъ. Тун вукIараваниха дун Гьидалъ ах—хур гьабизе, гьанивеги вачун кучIдул хъвазе тIамичIого. Цойги мисал дуе, дихъе вачIана журналист Сушевский цо нухалда, гьев телевидениялда хIалтIулеб мех букIана, жанивеги вилълъинчIого кIалтIаго гьикъулеб буго тIаде телекамераги битIун: «Дуе коммунистаз кьуна гьаб кIудияб рукъ, мун сундаса рази гьечIев?» — ан. Дица абуна, нужеда бихьанищ турказ балеб цIияб мажгит, гьаб пачалихъ жиндир мухъиниса биччан букIарабани жакъа дун инаан турказул дове, гьезие мажгит базе, нилъ жакъа турказ мажгит баялда ккелароанин.

МухIаммад, гьудулавчи, мун дида тенколев вуго улкаги биххараб тIахьазухъ гонорарги кьолареб мехалъ Союзалдасаги партиялдасаги нахъе ун вугилан. ВахI, ле, долго дол чагIи гурищ тIадчилъиялда тIадеги щулалъарал, гьеб гонорарги кьола гурищ гьаб жакъаги. Мекъе кIалъалев вуго мун дида…

**— Дуца тIадехун кочIолъ абухъе, советияб заманалъул литератураялъ зарал цIикIкIун гьабун буго халкъалъе, бугелъул лъикIаб литератураги, хIатта улка бахун къватIиб рагIараб**

— Дица гъоб кагътил ахиралда хъван буго, Дагъистан гьеб даражаялде ккеялъе аслияб гIайиб хъвадарухъабазда бугин, хасго шагIирзабазда. Я тарих гIелмуялъ, я цогидаб проза, драматургия батIиял жанраз инсанасе тарбия кьоларо поэзиялъ гIадин. Дол саназул хIелхIелалъул, чадие хъулухъ гьабулеб, идеологиялъе мутIигI гьабураб поэзиялъ тункана халкъ кIкIалахъе. Дуца хIисаб гьабе цо жоялъул, МахIмудил кечI гIурус мацIалде буссинабун буго «**Я мир ненавижу земной и загробный…»,** авар мацIалда гьел мухъал руго «**Дуниял рихарал, ахират хварал, хиялал кьун руго йокьулелъ дие…**» ВабилгIакса кьун буго. Гьелда релълъараб букIана хутIараб поэзиялъул таржамаги.

**— Дуца бицунеб буго кинаб букIине кколареб поэзияйин, кинаб букIине кколебали бице.**

ШагIирас цохIо жакъа къоялде ва рекIел асаралде гуреб, цебехун чамалиго наслуялде бер щвезабизе ккола. Гьелдаго цадахъ поэзия букIине ккола пачалихъалъе, идеологиялъе ва хасав ханасе хъулухъалда гуреб, къеркьеялъул нухда. БатIияб шигIру — кечI аваразул цIалдолес я къабул гьабуларо, я наслабазе хутIуларо. Дуца хIисаб гьабе «**Хочбар», «Бахтика», «Кьурулъ хутIарав ГIали», «МугIрузул ГIали»** ва гIемерал халкъиял кучIдул, гьел киналго руго хIужжабазда тIад рижарал асарал. Цо чияс ургъун рахъун рукIаралани, гъол нахъе хутIуларoан. Гьез инсанасе тарбияги кьола, кантIизеги гьавула, бихьинчилъиялде ва къеркьеялдеги ахIула. «**Дун щиб бицаниги цохIо чи вуго,амма хIелиларо хIалихьатав дуй..»** абулев Хочбар, ва гьесул бихьинчилъиялъ асир гьабураб халкъ:

***«Гьелегьун цIа буго, цIан болжал буго,***
***ЦIадав лъугьинехъин багьадур вуго.***
***ТIох-тIохазде рахъун хундерил ясал,***
***Хочбарихъ ралагьун паналъун руго…***

Къеркьеялъул гуреб шигIру-кечI аваразул гIамал-хасияталъе данде кколаро.

**— Гьеб совет хIукумат биххун хадуб бачIараб пикруйищ духъе, ялъуни кидагойищ мун гьеб пикруялда вукIарав?**

— Дие гъоб пачалихъ лъимерлъудасаго рихараб букIана, цохIо дие гуреб тIубан нижер хъизаналъего. Балъго гурони как базе бегьулареб заман кин бокьилеб?

**— «Гьаб щивасе канаб Конституция, киназулго рокъоб бихьула къалъун…» абурал мухъалги рукIанаха дур. Кинаб улкаялъул конституциялъул рахъалъ рукIарал гьал мухъал? Ялъуни «Баркала, Сталин, кидаго дуе, баркала гIагарав роххалил бакъухъ…**

Дун КъахIив школалада цIалулел сонал рукIана, авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим вукIана Рамазанов Расул абурав чи, живгоги хIакъикъияв, лъикIав мугIалим вукIана. Гъос кьуна хъвазе сочинение, дица хъвана кочIодалъун. Гъос кутакалда рецца дир кучIдул ва жинцаго «**МагIарул большевик**» газеталде ритIун ратана ва рачIана газеталда рахъун. Дол соназда цIакъ кIудияб ишлъун букIана газеталда кечI бачIин. Щибаб газеталъул тIоцебесеб гьумералда Сталин лъолел дол соназда, редактораз дир кучIдуздеги хурхинарун ратана гьединал мухъал. Гъозги гъоб дие ва жидерго газеталъе лъикI букIине гьабураб жо буго. Дица хъварал кучIдузулъ гьединал мухъал рукIинчIо. Гьел мухъазе баян чанцIулго кьезе ккана дица. Бихьулищ дуда дир анцIилацо томалдаса ункъго мухъ батун буго гъоб пачалихъ бецца раб ва дида бадибчIвай гьабулеб буго гьелъул. ХутIарал шагIиразул томал росани ункъго мухъ гъоб пачалихъ бецциччIел ратила. Дида бичIчIана цохIо жо — дица кигIан гьитIинабги гъалатI биччазе бегьулеб гьечIо, хутIаразе тIаса лъугьун толеб буго щиб гьабуниги. ТIубараб литература букIана дол соназда идеологиялъе хъулухъалда. БатIияб хъвайхъвагIаялъе нухго букIинчIо.

**— ХIатта Расулил шагIирлъиялдаги щаклъи батизе гуринха дур?**

— Дуца хал гьабе гьал мухъазул, ахIулеб, машгьураб ва школалъул цIалул программаялда лъураб кечI буго гьаб:

⇨3

⇨2

***«Дун ахIуге кивниги***
***Кивего вачIинаро***
***Дун дандечIвазе ккола***
***ЧIужугIадангун къаси…»***

Батун бугеб кечI бихьулищ программаялда лъезе, аваразул школалда лъималазе. Сардил гIужалъ щиб гьабизе дандчIвазе кколев гьев чиян абун цIалдохъанас суал кьуни, кинаб жаваб кьелеб мугIалимас? Поэзиялъул рахъ босани «дандечIваларо» чIужугIадангун, дандечIвала гьаб тIехь, «дандчIвала» -ян букIине ккола. «Кивниги» гуро букIине кколеб, «кивениги» ахIугеян букIине ккола. Цоялъуб слог камизабун магIна хун буго, кIиабилелда тIаделъун батIияб магIна кьун буго. Гьалъ сундул бицунеб? Гьел рагIаби лъаларев чи вукIинчIо Расул. Гъос кечI хъвалеб буго гIурус цIалдолесе буссинабиялъе, аваразул цIалдолезул ургъел гьечIолъи буго гьеб. Гьаб тайпаялъул кучIдул хъвалел рукIана гIурусазе ва гъоз мухъ рикIкIун кьолел гонораразе гIоло.

**— ГIенекке гьал мухъазухъ:**

***«Замана — техтеро, гъугъадулеб зоб***
***Гъулдулъе балеб цIад ана дир гIасру.***
***ГIурччинал ихазул пашманал хурдул,***
***Хабада шуршула, лъугIана шигIру.***
***Лъукъарал дир къасдал къоринир ккарал***
***КъватIире харизе кверго, кверилан…***
***Дихъе бегьулеб квер, кколеб борчIула***
***Дун гамачI киниги гIодой вортула…»***

**Гьанибги поэзия гьечIин абизе кIолищ?**

— Машгьурлъиялда рекъараб гьечIо, ункъого соналъул гIумруялъ хъвадарарав чиясул букIине ккеларищ, руго лъикIал асаралги, лъимги бугоха гIунги тIокIаб.

**— ЗагIипаб литератураялда хурхун, Россиялъул ва советияб идеологиялъул гIайиб бихьулеб батилин ккола дуда…**

— Гьеб дица гIемер хиял гьабураб жо буго. Гьагъаб маххул нухккун гIемераб хъублъи бачIана Дагъистаналде. Анжиялда, жакъасеб МахIачхъалаялда,I9 абилеб гIасруялда, пачаясул заманалда букIана чанго къватI. Гьаниб тIоцебе Россиялъ бараб жо лъалищ дуда? Гьакълил завод ва танхьил фабрика. Гьаб гIалхулаб халкъ Европаялъул стилалде бачин абулеб букIана гьелде. ХIатта ХъахIабросулъа МахIмудцин маххул нух бачIарабго гьавурав шагIир вуго. Гурони кин бичIчIилеб, жеги Кавказалъул рагъул би бакъвалелде, рукьбигун ракь жубараб АхIулгохIдеги къулун тIамур хъвалеб буго гьес рокьул кечIги ахIун. Гьесие дагьабниги асар гьабулеб гьечIо бащдалде гIагарун гъурараб миллаталъги, тIурал биязги. Дица гьелъул рахъалъ хъван букIана:

***Рокьи гьоркьоб гьечIеб***
***кьалул хабаралъ,***
***Кеп кьоларев шагIир вахъана щобде.***
***Гьазул гIид батани дир бертинилан,***
***Бейтал хъван ахIана хъахIбалъиялде…***

Маххул нух бачIарабго ахир лъуна къеркьеялъул шигIру-кечIалъе.

**— МахIмудие гьеб нухлул ва гIадамаз бицунелъул тIохде балеб цIадалгIанги ургъел букIун батиларо. Дир пикруялда дуца кIудияб социалияб кIвар кьолеб буго гьеб поэзиялъе, ХъахIабросулъа МахIмудица батIайиса, яхIалде ахIун хъван букIарабаниги, щив гIенеккилаан МахIмудихъ?**

— «Ракьулъе кIкIуржизе гIункIкIалги гурин, гьанже кир рорчIилел нуж магIарулал? Ракьулъе кIкIуржине гIункIкIал гурелищ кьвагьаралъуб къалел тIухьидал гулби». Босе Ражбадинил кечI, гьеле къеркьей… Гьединал мухъаз аваразул рекIелъ чаран лъолеб букIана

**— Гьебги кигIан кIваниги ахIмакъаб кечI буго, «Рилълъа, гIолохъаби нахъа цIоралде, хъахIилаб Алазан багIар гьабизе» абун расги гIайиб гьечIого ракълилаб гIумруялда ругел гIадамал чIван, ричизе лъимал рикъун гьабулеб давлаялъ сунде гIадамал куцалел? Хъачагълъиялде…**

Гьенив дун дуда тIад рекъезе кколев вуго, жакъасеб бичIчIиялда борцани. Доб замана борцани дун витIарав вуго…

**— Жакъасеб адабияталда мун разияб хъвай-хъвагIай бихьулеб бугищ?**

— Араб соналъ букIанин ккола, «Черновик» газеталда букIана Алиса Ганиевалъул «Салам тебе, Далгат» абураб тIехь гьоркьоб лъураб данделъи. Киналго лъугьана гьеб тIехь какизе. Гьелъ Дагъистан сурукъаб куцалъ бихьизарулеб бугин букIана бицунеб жо. Дица гьел лъалхъизаруна ва абуна: **« Где ты, мой Дагестан, кто погубил тебя, где законы твои, где тухумы, где ханства, уцмийство, шамхальство, вольные общества, военные демократии, где дивные платья и головные уборы твоих людей? Где языки твои, где песни твои, где вековые стихи твои? Все попрано, все попрано…»** Дица гьикъана данделъаразда нужеца хал гьабунищ хъвадарухъаналъул гьал мухъазулин. Гьелъ хъвала гIурус мацIалда, дица кидаго абулаан гIурусалъ хъвараб асаралъе къимат гIурусаз кьезе кколин. Амма гьаб хъвай-хъвагIай азарго нухалъ аваразеги Дагъистаналъеги гIагараб ва кIвар бугеб буго магIна гьечIеб ва гьодораб авар хъвай-хъвагIаялдаса.

**— Гъоз литература Дагъистаналде инвестициял ва туристал ахIиялъул программаялде бачунеб батила, кинабго лъикI бугин хъвазе, литератураялъ гIумру бугеб хIалалъ бихьизабизе кколеб батила, Алисаца гIадин…**

— Гьеб пикру буго дирги, гъолъ рекIелъа биччан хъван буго асар ва суалал лъолел руго. Нилъер адабият хвезабуна гонораразе ва гьерсаз. Поэтас хъвалеб жогун гьабулеб иш данде ккезе ккола. **Поэт букIине ккола Хочбарлъун, хъван бугищ цIадаве кIанцIилин, кIанцIе. Гурони гьел рагIаби руго гьури — муч.** «Метер магIарул мацI хвезе батани, хваги дун жакъаго жаниб ракI кьватIун…» абун хъвана поэтас, наслабазда авар мацI лъалеб гьечIо, аваразе гъоб кечIги хъван, рокъов кIалъана гIурусалъ.

**— Гьеб жакъасеб Хъвадарухъабазул Союзги хIажат гьечIин абилаха дуца…**

— ХIажат гьечIин абиларо, хIажат гьечIо гьабсагIаталда бугеб куцалда. ЛъикI букIинаан цо лъикIаб минаялъуб киналго творчествоялъул союзал цолъизаруни. Хъвадарухъаби, поэтал, композиторал, художникал, скульпторал ва гьел гурел цогидалги. Гъоба жаниб эркенаб микрофонги,творчествоялъул къоялги, чай гьекъолеб, бильярд, шахматал хIалеб цо бакI бугони бегьилаан. Нужер гьеб «Миллат» газеталда кочIохъан Хадижат Жамалудиновалъ хъван букIана культураялъул министерствоялъул ва кочIохъабазул хIакъалъулъ макъала. Гьунар бугел чагIиги къватIир тун чиновниказ кваналеб гIарцул. Дица рахъ ккола гьеб пикруялъул, гьединабго къагIида гьабизе ккола творческий союзазул, министерство гьечIониги, хIажат буго гьел цолъизарулеб гIуцIи, творчество гьоркьоб лъезе ва цебетIеялъе шартIал гьаризе.

**— Ахирсеб суал, ГIадалло, лъаларо дида рукIунищали поэзиялда цере лъурал масъалаби, ялъуни живго шагIирасда гьикъичIого рокьи ккарасухъе рокьул, кьал къварегIарасе кьалул бачIунеб жойищ кечI. Пикруялъегун гIакълуялъе бакI кигIан толеб гьениб. Кинаб кIвар бугеб кочIол жакъасел аваразе?**

— КочIол кидаго кIвар букIана аваразе, эркенаб, гIакълугун асар гъорлъ бессараб бугониха. Дица цIалана ХIабиб Давудов абурав поэтасул лъикIаб кечI, гьале гьеб:

***«Гагу, рикIкIуге дий хутIарал санал,***
***Хвана дун цевего, гьечIо дун тIокIалъ.***
***ЧIунтараб дир росу, гьеб буго дир хоб,***
***Биххараб инсул рукъ, гьеле дир зани…***

Гьаб буго поэзия, гъваридаб асар буго гьаниб, амма цIалдолев ахIулев вуго мекъаб нухде, дир пикруялда.

Дица гьелда данде хъвана:

***Гагу, рикIкIе дие хутIарал санал,***
***Хун гьечIо дун жеги, чIаго вуго дун***
***ЧIунтараб доб росу бахъинабила,***
***Биххараб инсул рукъ къапIизабила.***

Ишазде, гьунаразде, гIакълуялде, гIаданлъиялде, бихьинчилъиялде ахIизе ккола кочIоца. Къуръан рещтIун буго шигIрияб мацIалда, гьеб кIочене бегьуларо кечI хъвазеян кагътиде къуларав чиясда ва щибав шагIирасул букIине ккола жавабчилъи жиндир хъвай-хъвагIаязулъ.

*хасаб пикру*

◆ **Зульфия ХIАЖИЕВА**

# Бице, щай…

**Президентасул хитIабалъ гурони рагъа-рачаризарулел ратичIони, хварал жал ругел къагIида нилъ. ЧIагоялинги кинха абилеб, гьеб хитIаб рехсечIого гали тIамун бажаруларе хIалалде ккун ругони. МоцIгун бащадалъ цебе президентас гьабураб хитIабалъул «балъголъи» рагьулеб буго нилъее хIакимзабаз газетаздасанги щибаб районалде щун халкъалъе ликбезал тIоритIунги.**

Гьедин, масала, республикаялда гIумру гьабулеб халкъалъул 60 процент магIарухъги бугеб, аслияб бетIербахъи гIи-боцIухъанлъиялдасаги хурухъанлъиялдасаги лъугьунеб Дагъистаналда росдал магIишат цебетIезабизе кколеблъи ЧIарада районалда гьанже, президентас хитIаб гьабидал, бичIчIун рагIула. (**В Чародинском районе реализация Послания президента РД началась с сельского хозяйства** – «Дагъистан» РИАялда кьураб баян).

**«Молодежь Буйнакска готова объединиться, чтобы исполнить Послание президента» (**РИА «Дагестан»**) –** гьанжеялдаса хадургIаги цолъизе ратани гьел, цIунизе кIвелаан нилъеда нилъерго генофондги. ТалихI бахъанин президентас хитIаб гьабигIаги. Амма Буйнакскиялъул гIолилал цолъизе хIадур рукIиналъе кьураб рагIи гIадамал махсароде кквезе бицунеб чIанда букIиналда дагIба балев чияс бице кин гьеб гьабизе бугебали. Ялъуни гьеб шагьаралъул администрациялде вакIарарав чанго чияс дора Буйнакскиялъул рохьор чIарал гIолилазулгун дандищ бараб гьеб суал?

**«Гунибцы поддерживают направления развития республики, намеченные в Послании президента РД»** (добго РИА) –хитIабалъул бицунаго, цIакъ тIадчагIазул рекIелъ рекъоларел гIадал суалал рорханин гъунисез гьеб данделъиялда ян хъвалеб буго макъалаялда. Гьедин дандчIваялде рачIарал хIакимзабаз къалмидеги босун халкъалъул пикру президентасда цебе лъолебаниги гIемерго беццараб букIинаан.

Президентасул хитIаб тIубан каламго гьабичIого, гьоркьоб лъечIого тезе кколин абулеб мех гуро. ГIакъилал куцалги гьарун, президентас гъоба гьадин абулеб бугин, додин хъвалеб бугилан хитIабалъул къокъаб хIасил бицин гурелъул гьелъул магIна. МугIрул тIогьиб бугеб росулъегицин спутникалъул телевидениеги интернетги щварал нилъеда киб щиб хъвалеб ва бицунеб бугебали гьездасан гуребги лъала. **Бице** гьеб хитIабалъул президентас гъорлъе рачинчIого хутIаралги рахъазул. **Бице,** гIурда кьагIи гIадин, пачалихъалъ хьихьарал нужеца щай президент санайилго цого жо бицине тIамулеваниги.

Гьадингоги гIузраби гIемерлъараб республикаялда, щибаб росу-ракьалъе хасияталлъун лъугьарал масъалаби гьоркьор лъезе магIарухъе риччалел ратила хIакимзаби.

Гьединаб ракI рагьараб гара-чIвариялъ бижизабилаан халкъалъулъ дагьабниги божилъиги, цохIо букIанигицин суал тIубаялъе квербакъиги гьабилаан. Гурони, тIадехун рехсарал гIадал чIорогоял харбалги рицун, гIадамазда цебе гьез къимат хвезабулеб буго президентасул хитIабалъулги гьенир рехсолел масъалабазулги.

*рагъ-кьал*

◆ Зульфия ХIАЖИЕВА

# Жамагiаталъул ургъел гьабулев чи хутiун гьечiо

**Гъазимухiамадги Шамилги – кiиявго имам жанив вижараб ракьалда дагьалъ цере ккарал чiвай-хъвеяз ракI гъанцiизабуна гiемерисезул. Гьединабго магiнаялъул хитiаб гьабуна РФялъул жамгiияб палатаялъул вакил Максим Шевченкоцаги Унсоколо районалъул гiадамазде. Унсокологи Генубги росабазул гiадамазда гьоркьоб маслихiат гьабизе жидерго хiадурлъиги загьир гьабуна гьеб палатаялъ.**

Гiакълу цебе, ццим нахъе гьабун чiечiони, гьединал маслихiатал жеги чанги росабалъги гьаризе ккезехъин руго. Масала, гьединаб мурадалъ 14 августалда Гъизилюрт районалъул Шушановкаялде рачiун рукiана ЦIунтiа районалдаса Халкъияб Собраниялде вищарав депутат АхIмаднабиги, Москваялдаса юристги, цогидалги.

**«Рекъелги гьабун къватiире рачiунеб мехалда накабазда чiезарилин жидеца нужилан абун балеб рогьойищ букiунеб?!»**, – гьедин бицана «Миллаталъе» гьеб рагъулъ гiахьаллъарай Увайсова Равзанатица.

Шушановка росулъ руго Чачаналъул Бороздиновскаялдасаги Гуржиялъаги гочун рачiарал магiарулал. Чачаналдаса гочун рачiунел магiарулал вагьабиял ругин, гьезул руччабиги хIижабги ретiун хьвадулин, гьединлъидал росулъе гьел риччаялда дандечiун рукiун руго байбихьуда Гуржиялъа магiарулал. Амма Чачаналдаса гочарал магiарулаз рикIкIуна гьезда унго-унгояб ислам щибалицин лъалеб гьечiилан. ПалхIасил, росулъ дагь-дагьккун дандечiей гiодоцун букiана. Букiаниги зама-заманалдасан рагъмуч, дагiба-рагiи камулароан. Гьанже ахиралда гьениб ахIвал-хIал цIакъго хIалуцана таравихIги бан мажгиталдаса вачiунев васасде цо гiолохъанчияс рагiаби рехун хадуб.

**«Жинда чiалгiанин гьав чи, чiезавейин гьевилан гьарун буго васас нухда ратарал гiадамазда. Гьесие гiадлу гьабизе ниж тIамизе ккани, мун щибулев чиян вухун вуго гьез гьев. Цинги гьесда нахъаса рахъун цоял рачiун тIаде, дов цоясе хIалае цогидал рахъун, гьеб рагъулъ ахирги нусгогIан чи гIахьаллъана. Дунги йикIана гьений, дов васасул эбелги йикIана. Таравихiалдаса рачiунел гiадамалги гьоркьоре лъугьун, лъикIгиквешги киналго ратIа гьаруна. Нахъисеб къоялъ Хасавюрталдаса рачiунел рукIана ниж. Цо заманалда автобусги чiезабун долго гiадамал лъугьана дагiба гьабизе. Нилъер щал ритIарал, щал мекъалали лъазе милиция ахIизегIан чiайин гьаридал, живго вугин жив милициян жаваб кьуна гьезул цояс. Гьев вукIана дов таравих1алдас вачiунев гьитIинав вас вухарав милициялъулав. ТалихIалъ, гьеб бакIалдаги маслихIатги гьабун ниж рикьарихxана. Амма маркIачiудехун рагъ-муч цIидасан байбихьана росулъ. Гьелъие гiиллалъун ккана цо гiолилав жиндаго цадахъ цIалулей ясалда кIалъай. Жиндир яцалда нух битIагийин абизе ккани, мун щивин кIалалги гьикъун, гьев гiолиласда тIад речiчIана Жамбулат абулев чи. Гьевги дов мажгиталдаса вачiунев васасе питна гьабурав гiолилавги ккола ГАИялда хIалтIулев чиясул гIагарал чагIи. Гьеб дагIбаялъеги ахир лъуна мажгиталъуреги ахIун. Амма питна гьелдалъун лъугIичIо. МаслихIат гьабурал чагIи мажгиталъуса къватIире рачiунеб параялъ кIиго машина цIурал чагIаз байбихьана питна бухъизе. ГIолохъаби цоцалъ речiчIана, руччаби журана къватIире раккизарун чiварал магIаз цIурал цIулал хъарщаз бихьинал рухизе. Гьедин кIиго гiолохъанчи бид вецIцIулаго больницаялде хъамуна, шуризе кIолареб хIалалда рукIана гьел»,** – ан бицана Равзанатица.

Гьел ккола ГIабдулхIамид Валиевги ГIисаев МухIамадги. Рагъулъ гIахьаллъаразда гьоркьоса 26 чи 15-20 сордо-къоги кьун туснахъги гьавуна.

Абула гьедин цого диналъул, цого миллаталъул халкъ цоцалъ багъиялде Дагъистан ккеялъе гIилла бугила жамагIаталъул ургъел гьабулев чи хутIун гьечIолъиян.

*террор*

◆ Закир МУХIАМАДОВ

# Дагъистаналъул террористазе кумек гуржияз гьабулеб буго

## (Терроралда данде чIараб миллияб комитеталъул пикру)

**ГIадатиял гIадамазухъе ярагъги кьун, Дагъистаналда бищунго ахIвал-хIал хIалуцарал цоцо росабалъ яргъилал къокъаби гIуцIизе бегьилин абуна гьал къоязда республикаялъул нухмалъулев МухIамадов МухIамадсаламица.**

**Гьес гьеб пикру загьир гьабуна гьал къоязда тIобитIараб хIинкъи гьечIолъи чIезабиялда хурхараб хасаб данделъиялда. Гьеб гIуцIун букIана араб анкьалъ тIоритIарал хасал операциязда-са хадуб.**

РакIалде щвезабила, араб анкьалда МахIачхъалаялда тIобитIана хасаб операция. Гьенир чIвана изну гьечIого яргъид гIуцIаразул анлъгояв.

Гьезул цояв **МухIамадгIалиев ГIабдула** кколин лъазабуна низам цIунулез. Гьез гьев рикIунаан изну гьечIого яргъид гIуцIаразул бищунго хIинкъи цIикIкIараб къокъаялъул нухмалъулевлъун.

Терроралде дандчIараб миллияб комитеталъги лъазабулеб буго МухIамадгIалиев гIайибияв вугин республикаялда ккараб терроралъулаб чанго хIужаялъе. Гьединго гьесул къокъаялъ чIванин Дагъистаналъул нухмалъулесул Информациялъулгун аналитикияб идараялъул ва пресс-хъулухъалъул нухмалъулев **Къурбанов Гьарунги**, чIвазе къасд гьабунин МВДялъул «Т» централъул нухмалъулев, полковник **Баталиев АхIмадги.**

Гьал къоязда хасаб операция тIобитIана ЦIунтIа мухъалъул ВицIиялъ росулъ. Гьенив чIвана изну гьечIого яргъид гIуцIаразул лъабгояв.

— Чанго нухалъ абун букIана абулебги буго рохьилазда ярагъги гIодоб лъун ракълилаб гIумруялде тIадруссаян. Гьелъие гIоло гIуцIана комиссия, гьенире гIарзагун яги гьаригун рачIаразе лъицаниги инкар гьабизе гьечIо, - ян абуна М. МухIамадовас.

Июлалъул ахиралда тIобитIараб экономикаялъул форумалда Дагъистаналъул нухмалъулес абуна республикаялда террор кIиго соналда жаниб тIагIинабилилан. Гьеб гьабун бажарулеб жо бугищан гьикъана журналистаз гьесда данделъиялда.

МухIамадовас абуна жиндие террор метерго бокьилаанин тIагIинабизе, амма гьеб цохIо жинда бараб иш гурилан. МухIамадовас рикIкIунеб буго террор тIагIинабизе бокьун батани, террористазе кумек гьабулел ва гьездехун лъикIаб бербалагьи бугел гIадамал гIемерлъунгутIиялъе хIалтIи гьабизе кколин. Амма кин гьеб масъалаялда тIад хIалтIизе кколелали мухIкан гьабичIо Дагъистаналъул нухмалъулес.

Изну гьечIого яргъид гIуцIаразде гъорлъе унезул къадар нусгоялдегицин бахунарин абуна **МухIамадов МухIамадсаламица** гьеб данделъиялда.

РакIалде щвезабила, «Аргументы.ру» сайталъ лъазабулеб буго Дагъистаналда изну гьечIого яргъид гIуцIаразда гъорлъе унезул къадар кIиазариде гIунтIун бугилан.

Сайталъул журналистазе гьедин бицун буго Терроралде дандчIараб миллияб комитеталда хIалтIулев ва жиндирго цIар рехсезе разилъичIев чияс.

Дагъистаналда дагь-дагьккун гIемерлъилин терроралъул такъсиралин бицунеб буго гьес. Изну гьечIого яргъид гIуцIараз батIи-батIиял бакIазда цадахъго чанго теракт гьабизехъин букIиналъул баянги буго.

Дагъистаналда ругел изну гьечIого яргъид гIуцIаразе нухмалъи гьабулел хасал чагIиги ругин бицунеб буго гьевго чияс. Гьезие гIаммаб нухмалъиги Великобританиялдасан гьабулеб бугила.

Жидер вакилас абурал рагIабазда тIасан официалияб кинабгIаги лъазаби гьабичIо Терроралде дандчIараб миллияб комитеталъ.

МухIамадов МухIамадсаламица доб данделъиялда гьединго абуна низам цIунулез жидерго хIалтIи лъикI гьабулеб бугин, амма цо-цо росабалъ гьезие кумекалъе яргъилал къокъаби гIуцIизе бегьилин.

**! МухIамадов МухIамадсаламица доб данделъиялда гьединго абуна низам цIунулез жидерго хIалтIи лъикI гьабулеб бугин, амма цо-цо росабалъ гьезие кумекалъе яргъилал къокъаби гIуцIизе бегьилин.**

РакIалде щвезабила, дагьаб мехалъ цебе МухIамадовас абун букIана Гъарабудагькент, Гъизляр, Гъизилюрт, МухIарамкент, Сергохъала, Унсоколо, Хасавюрт, ЦIумада ва ЦIунтIа мухъазда бугин бищун хIалуцараб ахIвал-хIал ва гьенир жанисел ишазул министерствоялъулги, низам цIунулел цогидал идарабазулги хIалтIухъаби гIемерлъилилан.

Терроралде дандечIараб миллияб комитеталъ рикIкIунеб буго Дагъистаналда ругел изну гьечIого яргъид гIуцIаразе кумек Гуржиязул хасал хъулухъаз гьабулеб бугилан.

Москваялъулгун Хельсинкиялъул къокъаялъул Дагъистаналда бугеб офисалъул вакил Семиханова Еленаца абуна терроралде дандечIараб миллияб комитеталъул рагIабазда божичIониги бегьулин:

— Дагъистаналда бугеб ахIвал-хIал гьеб комителда лъикI лъалеб батила. Гьезул гIиллабиги ратила Дагъистаналда ругел изну гьечIого яргъид гIуцIаразе кумек Гуржиялдасан гьабулин абиялъе. Амма жеги дандчIвачIо документалияб къагIидаялда гьеб тасдикъ гьабулеб цониги хIужжа. Гьединлъидал нилъер къанун цIунулезда божизе захIмат буго.

2011 сон байбихьаралдаса республикаялда изну гьечIого яргъид гIуцIаразул 73 чи чIванин лъазабулеб буго ДРялъул МВДялъ.

«Кавказский узел» информагентствоялъул баяназда рекъон, исана соналъул байбихьудаса терроралде гьабулеб дандечIеялда Дагъистаналда чIвана 204 ва лъукъана 149 чи.

◆ Закир МУХIАМАДОВ

# Зулмуялъ босараб бергьенлъи

## (васазда аскIоб лъабго къо жиндиего бокьун банин абулей Залина)

**Хасавюрталда ункъо васас хIакъир гьаюрай 14 сон барай Аюбова Залинаца гьал къоязда абуна гьеб кинабго жийги разилъун ккана-нин.**
**Гьеб лъугьа-бахъин ккана гъоркьисала сентябралда.**
**ЦIех-рехалда рекъон, школалдаса рокъое ячIуней Залина классцоял васаз ккун ячун лъабго къоялъ цо бакIалда жаний тIамун йикIана.**

Гьеб хIужаялда тIаса ахIи-хIур бахъинабуна Дагъистаналдаса блоггераз. Гьей яс хIакъир гьаюн йикIиналъул хIакъалъулъ тIоцебе жиндирго блогалда хъвана «Дагъистан» информагентствоялъул директор **ХIажиев Нариманица**. Гьесул гьеб хъвай-хъвагIай тIибитIизабуна цогидал блоггераз жидерго интернет-даптаразда, социалиял сайтазда.

Гьединго блоггераз тIобитIун букIана нусидаса цIикIкIун чи гIахьаллъараб митингги. Гьелдаса хадуб Дагъистаналъул нухмалъулев **МухIамадов МухIамадсаламица** абун букIана жинца гьеб хIужаялъул цIех-рех гьабиялда хадуб халкквезе бугилан. «**Дагъистаниясул, бусурбанчиясул ва лъабго лъимадул инсул гIадин ццим бахъинабуна гьеб хIужаялъ дир**», – ан абуна МухIамадовас. Яс хIакъир гьаюрал рацIцIад гьаризе лъугьани яги гьел тамихIалдаса эркен лъугьани, жинца чIезарилин гьеб гьаризе лъугьаралин тIадеги жубан букIана.

Гьединабго кIалъай гьабуна лъималазул ихтиярал цIунизелъун Россиялъул президентасда цебе гIуцIараб идараялъул нухмалъулев **Астахов Павелица**.

Гьелдаса хадуб Дагъистаналъул прокуратураялъул цIех-рехалъул комитеталъул нухмалъулев **Саврулин Алексейица** абуна Хасавюрталда ккараб лъугьа-бахъиналъул цIех-рех мухIканго гьабилин ва дело гIемер кватIичIого судалдеги щвезабилин.

Гьеб зулму гьабураздаги ясалъул эбелалдаги гьоркьоб кинабгIаги маслихIат гьабизе льугьугейилан лъазабуна имамзабазда Дагъистаналъул муфтияталъги, щайгурелъул вахIшияб иш гьабун бугила, жиндирго хъизаналда гьединаб жо хъванани, имам вукIа, полициялъулав вукIа, бокьарав дагъистанияв ургъизе кколила тIоцеве жинца щиб гьабилебали».

Банкалда счетги рагьун Залинае гIарац бакIарулеб букIана «Дикая дивизия» абулеб «Анжиялъул» фанатазул къокъаялъги.

Цебеккун Залинал эбел Мадинацаги гьезул адвокаталъги журналистазда лъазабулеб букIана дов ункъавго васасул гIагарлъиялъ хIинкъалаби кьун Мадина жахIайго толей гьечIин. ГIарза нахъе босани, гIарац кьелин абулеб бугила.

Амма гьанже ясалъ абулеб буго жий лъицаниги хIакъир гьайичIин ва лъабго къоялъ васазда аскIой жий жиндиего бокьун чIун йикIанилан.

Байбихьуда Залинал адвокатлъун йикIана **МухIамадова Сапият.** Амма кIиго моцIалъ цебе гьелъ инкар гьабуна гьеб ишалдаса. Гьелъул рагIабазда рекъон, ясалъул эбелалъ цIех-рехчагIазухъе кьолел рукIана хIажатго гьечIел батIибатIиял документал, хадув адвокатги хисана.

**— Дица цебего абулеб букIана жавабчилъиялдаса рорчIулинха гьел васал ахирги. Амма дица абун букIинчIо гьелъие гIайибиял щал рукIине ругелали. Гьанже дида кколеб буго, ясалъул эбел жиндирабгоги ккун чIечIин ахиралде щвезегIан. ХIинкъизейищ гьей гьаюрай, гIарацищ босараб яги щибали дида лъаларо. Амма хIужа хIужалъун хутIулеб бугоха, гьелъ кинабго хвезабуна,** – ян рикIкIунеб буго Сапият МухIамадовалъ.

Блогер **ХIажиев Нариманица** бицухъе, ясалъул эбелалъ гIарац босанин абулеб буго:

**– Харбал ругоха гьелъ гIарац босанин ва доб ахIи-хIурги гIарац цIикIкIун кьезелъун гьабураб букIанин абурал. Амма мухIканлъи лъалев чи гьечIо. РагIа-ракьанде щун гьеб такъсиралъул цIех-рех гьабиялъе киналго шартIал рукIана чIезарун, ясалдаги эбелалдаги хадур хъаравулзабиги рукIана тун. Хасавюрталда тани, хIажат гьечIел гIадамал рачIун квалквалал гьарилилан, МахIачхъалаялдеги рачунел рукIана гьел. Амма дело судалде кьезе заман щвараб ахираб кIиго моцIалда жаниб ясалъул эбелалъ адвокат хисана, гьей лъугьана батIи-батIиял хIаял гьаризе. Сундуе гIолояли бичIчIуларо.**

**Цо-цояз гIайиб чIвалеб буго Дагъистаналъул нухмалъулесда. Гьес щибилеб, цебеккун жинца следователасе бицараб хабар Залинаца гьереси гьабизе байбихьидал. ГIемерисез гьеб рикIкIунеб буго инсанасул ихтияразда тIад босараб бергьенлъилъун.**

Гьеб киналдаго бан пикру лъазейин ахIидал, гьелъул эбел Аюбова Мадинаца телефон борхичIо. Гьединго баянал кьолел гьечIо цIех-рехалъ гIайибияллъун рикIкIунел васазул гIагаразгун адвокатазги.



◆ Зульфия ХIАЖИЕВА

# РацIцIадал гIадамаздаса бацIцIад гьабулеб МВД

## (Шамиловасул пикру)

**Телефоналъул цIурмил бакIалда лъураб «Ламбадаги» гьоркьоб къотIизабун, жиндихъе ахIун бачIарав чиясе 22 августалда МахIачхъалаялда гьабизесеб митингалъул бицине жувана Шамилов МухIамад:**

**«Дица президентасухъе хъван ана кагъат гьанив министрги прокурорги гIадада хинкIалги кванан, гIадамалги махсараде ккун ругин, жидер намусалъ къабул гьабулеб батаниги гьезие гьенир чIезе, хъулухъалдаса нахъе ине кумек дуца гьабейин гьезие абун. Гьев кIиявго хIалтIичIони, гьез гIадамалги хIалтIизаричIони, Дагъистаналда гьаб чIвай-хъвей лъугIизе гьечIо. 22 августалда гьабулеб митингалда нилъеца гьезда гьикъила берда бихьулаго гIадада хвезабулеб ва гьвел къохьол бакIалде ккезабулеб бугеб милициялъулги, гъурулеб бугеб халкъалъулги хIакъалъулъ. Митингалде вачIарав нилъер чанго чияс абураб жоялъул санги кинха доз гьабилеб, гIарцул тургьби ругелъул цоцахъе «хьвадизарулел». НачальникIаздаса хIинкъун митингалде рачIинчIогоги чIелаха гьанже нужер цо-цоял. Чамалиго минуталъ хIалтIуде кватIанин, кибалиго щибали бицун букIанин дуцайин абун щивасда тIасан гьарурал компроматал ругелъул дозухъги. «Рыльце в пуху» ян абухъе, мунагьазул цIурал ругелъул нужги! Ле-е-е! Нахъе а вас, милициялдаса, Аллагьас кьола рикъзи! Гьесул хIукмуялдалъунин мун милициялдаги вугев. ХIакимасдасагийищ хIинкъулев?! ХIакимги щибулев жо!?».**

Шамилов гIахьаллъичIого митингал Дагъистаналда къанагIатги гьарулел ратиларо. Закон цIунулел идарабазул профсоюзалъул нухмалъулев хIисабалда 22 августалда МахIачхъалаялъул аслияб майданалде ракIарулел руго гьес полициялъулал. Амма хIукуматалъул минаялда цере ракIарани, гьенир гъалмагъирал ккезе бегьулин, гьединлъидал Авартеатралде цере щай унарелин абулеб буго гьезда МахIачхъала шагьаралъул администрациялъул вакилзабаз.

Митинг тIобитIиялъе гIиллалъун ккана гьал къоязда рагIалде бахъараб хIалтIухъабазул лъаялъул хал гьабулеб аттестация. Гьеб кьезе кIун буго Дагъистаналъул полициялъул 16 азаралда 235 хIалтIухъанасда. 193 чиясда гьеб кьезе кIун гьечIо. Гьедин гьел хIалтIудаса нахъе рехулел руго. Полициялдаса нахъе унел ругилан цереккунго жидецаго гIарзаби хъван рукIун руго 86 хIалтIухъанас. Гьединлъидал гьел аттестациялъулъ гIахьаллъунго гьечIо.

РФялъул ВДялъул министр Рашид НургIалиевас кьураб буюрухъалда рекъон, полициялъул хIалтIухъабазул лъаялъул хал гьабулеб тадбир тIобитIизе хIукму ккана исана 7 февралалда.

**«Нахъе рехизе къачIаразда гъорлъ вуго Хайдакъ РОВДялъул начальник ГIабдурашид Бибулатовги. Гьеб районалда кIикъоялда хадуб миллион гъурущ бикъун букIин тIатинабуна гьес. Мунго нахъе рехилин хIинкъун тIатинабураб жо бугила дуца гьебин абулеб буго гьесда. Бибулатовас кидаго гьабулеб букIана хIалтIи. Гьелдаса хадуб лъабго нухалъ гьабуна гьесие аттестация, щуго соналда жаниб цо нухалъ гурони гьабизе бегьуларе жоха. МВДялъул начальникзабаз бензинги, машинабазул запчасталги, гьересиял командировочныялги, цогидабги багьанадуй ккун бикъараб пачалихъалъул 15-20 млн гъурущ тIатинабиялъ битI ккечIо «Дагестанская граница» абураб Управлениялда хIалтIулев Лабазанов Лабазаниеги. ЦIогь гьабун букIин Москваялдаса бачIараб ревизиялъги чIезабуна. Амма Лабазановасе выговор кьуна, гьесул начальникин абуни жеги тIадегIанаб хъулухъалде вачана. Гьеле гьединал цIогьаз гьабулеб буго рацIцIадал гIадамазе аттестация. РацIцIадал гIадамаздаса бацIцIад гьабулеб МВДги буго. Гьебго Управлениялда вуго Угненко абурав майор, гIурусав. БагIараб дипломалда МВДялъулги цогидабги (кIиго) академия лъугIарав гьев Управлениялдаса нахъе гъезе хIаракат бахъулеб буго гьесда тIадехун ругез. Гьезул цояс Угненкол нодо бакьулъ седон буго жидерго постал рихьизарун картаялда тIад чIван букIараб багIараб кагътил кесек. Цойги бицинчIого гIоларев чи вуго ППС-I полкалъул командирлъун вукIарав АсхIабов АсхIабги. Киназего гIассиго вокьулев, тIокIкIун жиндирго хIалтIи лъалев, кинан такъсирчагIи кквезе кколелалиги, кинан гьезда кIалъазе кколелалиги лъалев чи вуго гьев. Амма гьедин букIиналъ цощина жиндир бакIалдегицин вачIинадай гьевин хIинкъун вукIана гьесул начальник. ТIадежоялъе закон хвезарурал жал гьарулел ругони, начальникасда бадибе рагIиги абулеб ас. Гьединлъидал нахъе рехарав эвги»**, - бицана «Миллаталъе» Шамилов МухIамадица.

Амма аттестациялда тIасан гьесулалдаса батIияб буго Вячеслав ХIасановасул пикру. Гьев ккола ДРялъул МВДялъул пресс-хъулухъалъул нухмалъулев:

**«Аттестация кьурав анцIила анкьазаргогIанасев полициялъулав квешав рагIулаха, гьес рикIкIунев чанго чиясдасаги. ЛъикIал гьел нахъе рехун рагIулаха. Уйищ? Гьедин кколеб бугоха Шамиловас абухъе. Гьес рехсолел чагIазе къимат кьезе кIоларо дида, щайгурелъул гьезул цонигияв гьумер битIун лъаларелъул дида. Шамилов чIун вугоха гьел лъикIал ругин абун. Гьесда дагIбаги щайха дица базе кколеб. Амма рази гьечIони, ахIи-хIур бахъинабизе кколароха. Диванчиясухъе гIарза хъвазе бегьула.**

**Руго гурищ мисалал гьединал гIарзабазда рекъон гьез аттестациялъул хIасилал яги рукIахъего тарал, ялъуни гIадамал цIидасан хIалтIуде росизарулел».**

Аттестация кьезе кIвечIел полициялъулал нахъе рехичIого толел руго 2012 соналде щвезегIан.

№11 (11) 19 август 2011 сон
ИНСАНАСУЛ ИХТИЯРАЛ
МИЛЛАТ
МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

***Байбихьи цебесеб номералда***

Киназдего щун берал речIчIизаруна Свирпый Магаца борхун ккун нилъугун, гьим–гьимиялда.

– Жегиги лъиданиги лъалаго щиб гьунаралъул чи гьев вугевали… Гьеб лъазабизе ккола нилъеца. Лъазабизе ккола балъгого, лъиданиги лъазе течIого. Лъанани тохтурзабаз уна вачун би бахъизе, ФСБеялъ уна вачун суалал кьезе… нилъехъа вахъун уна гьев. Нилъехъ гьев вукIин лъалел чагIи руго нужги, гьадаб цо гаишниказул посталъул начальникги, цо гаишникги. Гьел кIиялго гаишникалги тIагIинаризе ккола… бищунго рикIкIада бугеб бадибе килищги битIун КъатIипа тIаде ахIдараб механда. Кутакай гIадан йикIана.

Сочова КъатIипа чай гьекъезе гIодой чIараб механда кабинеталъуе кIанцIун ячIана медсестра, КIаланчIад. КIаланчIадил гьурмал кьер тIун бугоан.

– Катипа Сочовна, Катипа Сочовна! Посмотрите, посмотрите, – иланги абун гьелъ столалда тIад лъуна кIварщул цIараб шишаги гIемераб хъва–хъвагIай гьабураб кагъатги.

КIаланчIадида хадувго кабинеталъуве жаниве лъугьун вачIана къокъаб, букIкI–букIкIараб тIажуги ретIарав, ккараб? Чан анкь бараб? – илан гьикъана КъатIипа Сочовнаялъ.

– Ия?

– Ургьибе лъимер ккараблъи кида дуда лъараб?

НигIматулагь бицунеб жоги бичIчIуларого цин КIаланчIадихъ цин КъатIипахъ валагьахъдилев хутIана. «Дун ккараб бакI щиб, гьаз бицунеб щиб?» – илан гьикъулеб букIана кIичIун чIараб гьесул шляпаялъ.

– Кинаб лъимер? – илан гьикъана НигIматулагьица.

– Дур ургьибе лъимер ккун буго… Кида ккарабилан гьикъулеб буго дуда…

# КОММУНИЗМ




гIанкIуязул фермаялде ритIе, хъур–хъураб гIанкIудал хIули бетIулел рукIине…

– Дун гьабсагIатго ина гьеб посталде, – ян тIаде вахъун вачIана цояв чвархъизе автоматги гьабун.

– ГьабсагIат унге… Къаси сардилъ а. Цо кинаб бугониги гьунар гьечIев чи батIияб ракьалда вукIунаро, нилъеца лъазабизе ккола гьеб гьунар. ГьабсагIаталда гьес бицунеб жо рагIа–ракьанде щун бичIчIуларо. Жиндирго гамаги боржун ун Ленинкенталъул авлахъалдаса гIебеде женжедилев хутIун вукIараб гIадаб жо буго, бомжазда цадахъ. Гьениб кодобе щвараб лъаларо, доб механдаго КПСС бугеб механда къватIибе биччан букIараб газета щун гьеб цIалун батила КПССалъул гурони, коммунизмалъул гурони батIияб жо бицине лъаларо. «БагIараб байрахъ» – илан абураб газета букIана… Гьеб цIалараб хIисаб буго. Амма нилъеда кIочене бегьуларо гьев зодоса рещтIарав чи вукIин.

Циндаго телефоналъул гьаракь бахъана. Свирепый Магада цебе столалда букIана анлъго телефон – анлъабго цадахъ ахIдана.

– Алло, – илана абуна гьес.

Телефоналъ щибилан абурабали, гьурмалъа хисана Свирепый Мага. Трубакаги гIодоб лъун гьес абуна:

– Гьале вачIана. Инопланетянин.

– Тlаде рахъине кколелищ, кколарелищ? – илан гьикъана Суффикс Магаца.

Гьеб суалалъе жаваб щвечIо – жаниве лъугьун вачIана Шусонов Пятилетка. РетIел-кун хисун бугоан, мегежги кIкIван бугоан, гIундулги чIахIалъун ругоан дагьалги цIакъ, амма мугъзада баччараб къвачIаги кедабиги лъихъениги кьун гьечIоан, доре–анире риччан гьечIоан.

6

Щибаб къойил дарсаздеги хьвадун лъугIизабун букIана мединститут Сочова КъатIипа – ян абулей гIаданалъ. Эбел–эменцин божулареб къагIидаялъ лъикI цIалун йикIана гьей къаси–къад чIечIого. Заманалдасан гьей яхъана медицинаялъул гIелмабазул кандидатлъун. Больницаялъул коридоралъусан КъатIипа ячIунеб механда гьелъул хьитIазул тIинкъи–тIванкъиялъеги, гьелчелеб бугеб кереналъеги нухги кьун рахъ–рахъалде унаан гIадан хIутIичIого. Гьелъул берзул балагьи гIолаан хIалтIухъабазе. Хасго унтарал унаан хвахинире, тIад цо батIияб щляпаги лъурав, анкьица мегежи кIкIвачIев чи. Гордеги букIана гьесда гIажаибго тIогьилаб. ХIинкъуца холаго лъугьана гьев кабинеталъуве; гьабсагIат Сочовалъухъа чай гьекъолаго «ххуртI»–илан гьаракь бахъаниги къватIиве тIурун унеб хIал букIана. Гьев чиясе букIун батила кIикъогониги сон.

– Гьание ялагье цо Катипа Сочовна, – ян магIарул мацI бицине лъугьана КIаланчIад. – Гьав чиясда лъимер ккун буго.

– Так, так… Интересно, – ян абуна КъатIипаца, кагътида хъвараб жоги цIалулаго. – Так… Интересно… Дуда эб кисан лъараб?

– Гьале асул кIварш… – илан бихьизабуна КIаланчIадица столалда лъун бугеб шиша. – Анализал росараб механда лъимер ккун батана… Дида гьабулеб дарман лъаларо.

Шишаялъухъ ялагьун чIана Сочова КъатIипа. Гьелда тIад седон букIана кагъат, кагътида хван букIана НигIматулагь НигIматулаев – илан.

– НигIматула НигIматулаев, – илан цIалана Сочовалъ гьеб кагътида хъвараб жо ва кабинаталде жанивеги вачIун нуцIида нахъа, цояб хIетIеги кодобе босун чIарав чиясухъ ялагьана. – Мунищ НигIматула?

– Ия?

– НигIматулайищ мун?

– У…

– ГIодобе биччай гьебцояб хIетIе…

– Ия?

– ХIетIе гIодобе биччай!

– Гьа…

НигIматулагьица хIетIе гIодобе биччана.

– Кида гьаб лъимер дуда ккараб? Чан анкь бараб? – илан гьикъана КъатIипаца КIаланчIадида.

– НигIматулагьил чIужу… НигIматулаева ГIашахъатун… Алъул кIварщги буго дихъ, доба лабораториялда… – ян жаваб кьуна КIаланчIадица. – Алъул кIваршалъ щибниги бихьизабулеб гьечIо, НигIматулагьил кIваршалъ лъимер ккун бугилан бихьизабулеб буго…

Дида гьабулеб дарман лъаларо.

– Так, так… Интересно… – ян абуна гьанжесалаги КъатIипа Сочовнаялъ. – ЖаниегIан ячIая цо, ГIащахъатун.

ГIащахъатун жаниегIан ячIана. Гьелда тIад букIана азарого кьер цоцалъ жубараб горде, гьеб гордеда бакI–бакIалда ран маххалги рукIана. Рачлихъ къазабун цо гормедо гIадаб жоги букIана гьелъул.

– А чье надо? – иланги абун жание ячIана ГIашахъатун.

Комбайин гIадинан жиндего тIаде ГIащахъатун ячIине лъугьараб механда Сочова КъатIипацин хIинкъана.

НигIматулагь жиндирго чохьохъ валагьана:

– Ия?

Циндаго жание яккун ячIана къан ботIрода чохтIоги бухьарай гIадан. КъатIипа Сочовалда йихьарбго бичIчIана гьей магIарухъа ячIарай, кинаб бугониги совхозалъул ахихъан яги кинаб бугониги колхозалъул хурухъан ятулеблъи.

– Мун щиб гьабулев гьанив дурго чохьохъ валагьун, вилъа рокъове, – янги абун къан гъеж ккуна гьей гIаданалъ НигIматулагьил.

– Гьай щий? – илан гьикъана КъатIипаца КIаланчIадида.

– НигIматулагьил чIужу… НигIматулаева ГIашахъатун… Алъул кIварщги буго дихъ, доба лабораториялда… – ян жаваб кьуна КIаланчIадица. – Алъул кIваршалъ щибниги бихьизабулеб гьечIо, НигIматулагьил кIваршалъ лъимер ккун бугилан бихьизабулеб буго…

Дида гьабулеб дарман лъаларо.

– Так, так… Интересно… – ян абуна гьанжесалаги КъатIипа Сочовнаялъ. – ЖаниегIан ячIая цо, ГIащахъатун.

ГIащахъатун жаниегIан ячIана. Гьелда тIад букIана азарого кьер цоцалъ жубараб горде, гьеб гордеда бакI–бакIалда ран маххалги рукIана. Рачлихъ къазабун цо гормедо гIадаб жоги букIана гьелъул.

– А чье надо? – иланги абун жание ячIана ГIашахъатун.

Комбайин гIадинан жиндего тIаде ГIащахъатун ячIине лъугьараб механда Сочова КъатIипацин хIинкъана.

*Хадусеб букIине буго*





## Сертификатал ва щолареб гIарац

ХIурматияв МухIамад!

Дуца санагIат гьечIел суалал ритIейин хIакимзабазе кьезеян хъван бугелъул, бегьуларищ, Сагид Муртазалиевасда (пенсионный фонд) гьикъизе; Щайин хIукуматалъ кIигоги цIикIкIунги лъимал гьаруразе кьезе бихьизабураб гIарац, цере ккарал фирмабаз, бащдаб жанибги ккун гурони къватIибе беччоларебан. Гьезул фирмаби руго щибаб шагьаралда. Масала, Хасавюрталда Тотурбиевасул къватIалъул 15 минаялъуб. Гьединго Кизляралда, МахIачхъалаялда ва цойгидал шагьараздаги. Гьез гIадамазе кьолеб буго 230000 гъурущ, 365600 гъурщил бакIалда. Цойги чияс гьарурал документал жанир росулел гьечIо, росаралги щибго гьечIеб багьанаги батун нахъ чIван рачIунел руго. Гьез кьурал баяназда рекъон 14600 чияс босун рагIула Дагъистаналда гьеб гIарац. Жиндирго ватIан ЦIумада районалда щуго чиясе гурони гьеб щун гьечIо. Цойгидал районазде гьединабго хIал букIинги якъинаб буго. 100000 чиясе щвараб сертификатазул, гьезул фирмабаца кьураб гуреб гIарац щун гьечIо.

Дида лъала, гьел суалазе жаваб кьезе гьес нуж гIагардецин риччалареблъи. Амма, мискинал, лъимал гIемерал, жанир чIезе рукъзалги гьечIел гIолохъанал хъизаназе биччараб гIарац гъоркь ккквечIониги, мискинлъилароан пенсионнияб фонд.

**ВАССАЛАМ**

**САЛИХIАТ МухIамадова.**
**saidahmed@mail.ru**



## Газета балагьула ритIухъаблъун бугони…

КIигогIан соналъ цебе дица «ХIакъикъат» газеталъе хъван букIана «Газеталъ цIалдолев гурев, цIалдолес газета балагьизе ккола» абураб макъала. Саламатаб механ цоцахъеги хьвадизабун, кагътил кьер хисизегIан секретариаталда бегунги тун, лъутIа – къотIун гьеб къватIибеги бачIун букIана. Амма я хъварав разияб яги цIалдолесда бичIчIулеб хIал гьеб пакъиралъул тун гьечIоан. БетIералдаса бахъараб тIараде щвезегIан «къачIа – кIатIан» бугоан, бажари бугел редактораз. ХIатта бетIергицин, кIиго хIарпги рагIуде тIаде жубан, жагьаллъизабун батана. Гьедин иш бугебгIан механда лъидаха гIайиб гьабилеб магIарул газеталъул къимат холеб букIиналда? Я авторасе абизе яги цIалдолесе рагIизе бокьараб жо макъалазулъ толеб гьечIони…гьеб балагьизеги щив вахъинев, хъвазеги щив хIалакинев?

Цо талихIалъ гьанже бокьараб абизеги кьварун кIалъазеги цойги газета баккана нилъер.

Гьелъул байбихьиги лъикIаб ккана. Жиб рагIаралщциназ «Миллат» газета балагьулебги буго. Нижер киоскалда йигей йичарухъаналъ абуна хIатта магIарулал гурецаги босулебги гьикъулебги бугила «Миллат» газетаян. ГьабсагIаталдаго гьединаб машгьурлъи гьелъие щвеялъе гIиллалъунги гIадамазда гьеб кьучIабги ритIухъабги бугилан рагIиги, гьелда гIадамал божулел рукIинги бихьула дида. Газеталъул мурадги гьеб цIезабиги цIикIкIун гьурмал гIезариги гуро. ЦIалдолеца гьеб балагьизеги босизеги бокьани кьварун абизе ккола рагIиги, битIараб къимат гIадамаз кьезе букIине авторасул ихтияралда тезе ккола пикруги. Гьеб механда букIуна макъалалъул кунчIиги чIаголъиги, тIагIамги. Гьебги щибалъул букIуна батIи – батIияб ва гьелъ газета лъугьинабула бечедаблъунги…

**ГIАЛИ МухIамадов.**
**«ХIакъикъат» газеталъул мухбир**
**МахIачхъала**

◆ Дугъричил МуртазагIали,
Радио «Эркенлъи»,
Прага

# Полковник Багьавудин Хуршилов кив вукъарав?

**"Эркенлъи" радиоялъухъ нуж гIенеккизе бегьула гьал частотабаздасан:
HOTBIRD 8, Orbital Location: 13 Degrees East
POLARIZATION: Vertical, FREQ: 12.226 GHZ, FEC: 3/4, NEW SYMBOL RATE: 27.5 MS/s
VIDEO & PCR PID: HB1-8:4260, HB9-28: 4360, DATA RATE: 192 kbps, ENCODING: MPEG2**

**2007 соналъул 30 октябралда «ХIакъикъат» газеталда бахъана цо гIажаибаб макъала. Гьелъул автор – калмыказул хъвадарухъан Андрей Цобдаевас байбихьуда бицен гьабулеб буго ГIурус пачаясул, хадуб Польшаялъул армиялъул полковниклъун вукIарав Хуршилов Багьавудинил хIакъалъулъ.**

Багьавудин гьединго кколаан магIарулазул хъвадарухъан, «Сулахъалъ нугIлъи гьабулеб» абураб романалъул автор Хуршилов МухIамадил кIудияв вацлъун.

Россиялда букIараб Февралалъул инкъилабалдаса хадуб Шималияб Кавказалда МугIрузул Республика гIуцIун букIана. Полковник Хуршилов Багьавудин хIалтIулев вукIана гьеб республикаялъул рагъулал суалазул рахъалъ гIуцIараб комитеталъул бетIерлъун. Советияб прессаялда ахирисеб нухалъ гьесул цIар рехсон буго Уллубий Буйнахъскиясе диван гьабулеб протоколалда. Большевикал тIалъиялде рачIун хадур Багьавудин Хуршилов Туркиялде гочун анна, довасан – Польшаялде. Гьеб улкаялъул армиялъул полковник хIисабалда Багьавудин гIахьаллъана 1920 соналда букIараб Польшаялъулгун Советияб рагъда. АнцI-анцI сонал ана хIатта гIага-божараздагицин гьесул хадусеб къисмат кинан ккарабали лъаларого. Документалиял цо-цо баяналги рехсолаго гьале тIадехун рехсарав Андрей Цобдаевас жиндирго макъалаялда кьолеб буго Багьавудин Хуршиловасул мухIканаб гIумрудул тарих. ТIадбалагьун гьел цIакъ къанагIатал документалин ккола. Амма берцинго цIалараб мехалда Хуршиловасул гIагаразул ва гьесул тухумалъул чагIазул щаклъи ккун буго цо-цо баяназда. ХIакъикъат чIезаби мурадалда ниж телефоналдасан кIалъана Андрей Цобдаевасухъе ва гьикъана духъе гьеб информация кисанин щвараб, цониги архивалъул цIар щайин рехсон гьечIебин абун. Андрей Цобдаевас жаваб кьечIо ва гарачIвариялдаса инкар гьабуна. ГьабсагIат нижер мурад кколаро щ каллъун рихьарал киналго баяназул цIех рех гьаби, амма кIвар кIудияб цояб рехсечIого тезе рес гьечIо. Ай – Багьавудин Хуршилов гIумруялдаса ватIалъараб сонги гьев вукъараб бакIги. Цобдаевас жиндирго макъалаялда гьадин хъвалеб буго: **«... Багьавудин Хуршилов хвана лъабкъоабилел соназда Лондоналда ва вукъун вуго бусурбабазул къагIидаялъ (...) Лъабкъоялда анцIабилел соназул авалалда официалияб сапаргун Англиялде ун букIана Турциялъул рагъулаб делегация. Гьез жидерго программаялда тIаде жубана цо пункт: Польшаялъул рагъухъабазул хабзалалъе щвей. Гьел хабзалалъ Турциялдаса делегация лъалхъана цохIо Багьавудин Хуршиловасул хабада аскIоб. Гьенир тIугьдулги лъун, рагъулаб къагIидаялъ кколеб хIурматги гьабун, делегация бачIарабго гIадин сихIкъотIун нахъеги ана...».**

Берцинго хъван гьечIищха? Амма хIакъикъаталдаса берцинаб жо букIунаро. Лондоналда ругел нижерго коллегабазул кумекалдалъун нижеда кIвана гьеб хIакъикъаталъул цояб рахъ чIезабизе: Лондонолда Багьавудин Хуршиловасул хоб гьечIо! КIиабилеб рахъ якъинлъана Польшаялъул гIалимчи Аркадиуш Пиотровскиясул кумекалдалъун. Гьес гьадин мухIкан гьабуна гьеб:

Хуршиловасул рахъалъ Польшаялъул гIалимчи Аркадиуш Пиотровскияс гьабураб тарихияб баян:

— Полковник Хуршиловасул къисмат лъазабизе къасд дир цебегоялдасаго букIана. Дица цIех-рех гьабула гуржиязул, азербайжаназул, Крымалъул татаразул ва Польшаялде гочун рачIарал цогидал эмигрантазул гIумруялъулги хIаракатчилъиялъулги. Хасго Хуршиловасдехун дир интерес байбихьана интернеталда батараб цо макъала цIалун хадусала. Гьеб макъалаялда хъван букIана Хуршиловасул хоб Лондоналда бугин. Гьеб хIужжа дурус гьаби ялъуни нахъчIвай мурадалда дица кагътал ритIана батIи-батIиял хIукуматазул ва хIукуматазул гурел идарабазде, тIоцебесеб иргаялда, Англиялда ругел Польшалъул идарабазде. Дица гьединго хитIаб гьабуна ветераназул Цолъиялдеги. Гьел кагътазда дица гьарулеб букIана Хуршиловасул хоб батизе кумек гьабеян абун. ГьабсагIат дие бокьилаан дие жаваб кьурал киналго гIадамазе баркала кьезе. (…) Мисриялда бугеб Польшаялъул вакиллъиялъул архивалда ратун руго Хуршиловасул цо-цо документал. Вакиллъиялъул хIалтIухъан Карол Лиснякица цIех-рех гьабун буго Мисиралда ва Суданалда чIварал ва гьенир рукъарал Польшаялъул аскариязул къисматалъул. ЧIезарун руго гьезул киназулго цIарал, рахъун руго хабзалазул суратал. Гьеле гьев дипломатас дурус гьабуна дие Багьавудин Хуршилов дова вукъун вукIин. Цогидал хабзалазде данде

Багьавудин Хуршилов – гIодов чIарав

ккун, Багьавудинил хобги заниги Маккаялде буссун буго. Зонода хъван буго гьадин: **«Польшаялъул Армиялъул резервалъул офицер Багьавудин Эмир ХIасан Хурш. 52 сон. ЧIван вуго 1946 соналъул 26 сентябралда».**

Кавказалъул цогидал эмигрантазго гIадин Багьавудин Хуршицаги кIудияб бутIа лъуна Польшаялъул халкъалъул эркенлъи цIуниялъул ишалъулъ. Багьавудиницаги Кавказалъул цогидал эмигрантазги аскарияб хъулухъ гьабулаго жидерго гIумру бичана гьеб эркенлъиялъе гIоло. Цояз – Польша хвасар гьабиялъул рагъда, цогидаз – советиял лагеразда. ГIаммаб куцалда нусгогIан чи вукIана гьезул.

Байбихьуда Россиялдаса Польшаялде вачIун, полковник Хуршилов ккун ва Бредовоялда бугеб рагъулаб мархьиялда (лагералда) тIамун вукIана. Доба гьес бана цо чанго моцI. Хадуб Польшаялда гIуцIун букIана МустIапа АхIматовичасул цIаралда букIараб татаразул полк. Амма татарал гурелги батIи-батIиял миллатазул бусурбабиги рукIун руго гьенир. КIудияб полк букIинчIо гьеб. Гьелъие бетIерлъи гьабулаан анлъгоцин офицерас. Хуршиловас жиндаго цадахъ кIинусго чи ваччун вачIана доб рагъулаб мархьиялдаса Стрелков абулеб бакIалде. Гьеб полк гIуцIун букIана 1920 соналда. Доб соналъул кIиабилеб ноябралдаса байбихьун гьеб рагъулаб къокъаялда абулаан Багьавудин Хуршиловасул дивизияйилан. Польшаялъул архивазда жеги гIемерал документалги ратила гьеб дивизиялъулги живго Багьауддин Хуршиловасулги хIакъалъулъ. 1932 соналда гьеб дивизиялъул цо чанго рагъулав хъулухъчи тIадегIанаб лъай кьеялъул Рагъулаб идараялде витIун вукIана. Гьезда гъорлъ – Амир ХIасан Хуршги, ай Багьавудин Хуршилов. Гьелдаса нахъе Польшаялда байбихьулеб буго гьесул цIияб официалияб рагъулаб биография. Хадуб Хуршиловас кIудияб хIаракатчилъи гьабуна Европаялда гIуцIун букIараб «Прометей» абулеб Шималияб Кавказалъул эмигрантазул къокъаялда. Дида ратун руго цо-цо документал. Гьел документазда гIемер рехсолеб буго Хуршиловасул цIар. 1934 соналдаса байбихьун Багьавудин Хуршиловас бетIерлъи гьабулаан гьеб къокъаялъе. Руго гIемерал документал Багьавудин Хуршиловас Польша хвасар гьабиялъе кIудияб хIаракат бахъулеб букIиналъул бицунел. Гьев вукIун вуго Польша хвасар гьабулезул церехъабазул цоявлъун. Нухмалъи гьабулаан 1937 соналда гIуцIун букIараб Мазовецкаяйилан абураб чол бодул бетIерлъун. 1939 соналда Дунялалъул КIиабилеб рагъ байбихьун хадуб гьеб кавалериялъул къокъа къеркьолеб букIана нацистазде данде. Багьавудин Хуршица кIудияб бахIарчилъи бихьизабуна доб рагъда. Хасго Суходоля абулеб бакIалда букIараб кьалда. Амма хIаталдаса ун кIудияб къуват бугел немцаздаса бергьине кIвечIо Польшаялъул аскариязда. Доб кьалда Хуршилов лъукъун вукIана.

Гьелдаса нахъе цодагьаб заманаялъ гьесул лъалкI тIагIуна. Польшаялъул хъвадарухъан Эва Грунер-Чарнохица жиндирго тIехьалда рехсолел руго советиял аскарияз асир гьарурал нугIзазул гIемерал далилал. Гьел ратана Харьков шагьаралъул КГБялъул архивалда. Абизе ккараб буго гьел киналго нугIзал полякал рукIинчIин. Гьел рукIун руго аслияб къагIидаялда Кавказалъул чагIи. Гьелдалъун бихьулеб буго кигIан мухIканал баянал чекистаз ракIкIарулел рукIарал Багьавудин Хуршиловасул хIакъалъулъали. Ратун руго живго Хуршилов Багьавудинил баяналги. Гьевги ккун вукIана чекистаз ва тIамун вукIана Старобельскалда[1] букIараб лагералде. Гьей Эва Грунер-Чарнохица[2] жиндир тIехьалда абулеб буго НКВДялъул- КГБялъул архивазда жинда батанин Багьавудин Хуршил гIумрудул мухIканаб тарихги. Чекистаз гьесда хадуб гIезегIан соназ халкколеб букIана. Хадуб гьесул лъалкI тIагIана. РакIалдаго гьечIого дида батана гьесул цIар доб мехалъ нацистазул Генералияб Губернаторлъиялъул, ай 1942 соналда Варшаваялда рукIарал телефоназул тIехьалда I66-абилеб гьумералда. Гьениб кьолеб буго гьесул телефоналъул номерги, адресги – Дебинская къватIалъул ичIабилеб номералъул рукъ. Дун цIакъ гIажаиблъана – кин гьесда кIвараб советияб лагералдаса хвасарлъизе ва немцазда гъорлъ паракъатго гIумру гьабизе? Нилъеда гьеб лъаларо. Нилъеда гьединго лъаларо оккупациялда Варшаваялда щиб гьес гьабулеб букIарабали. ТалихIалъ дида ратун руго цойги документал. Гьез бихьизабулеб буго нацистаз Польшаялда рукIарал батIи-батIиял халкъазул вакилзабаздаса миллиял комитетал гIуцIулел рукIараблъи. Амма Багьавудин Хуршиловасул цIар доба гьечIо. Гьединлъидал абизе бегьула нацистазулгун гьесул кинабгIаги бухьен букIинчIилан». Гьадинаб баян кьуна Польшаялъул гIалимчи Аркадиуш Пиотровскияс.

Кин ва кидаха Багьавудин Хуршилов вачIарав Мисриялде? Гьаб суалалъе жаваб батула Парижалда дол соназда къватIибе биччалеб букIараб «Часовой» абулеб журналалда. Б. Хуршиловасул рагъулав гьудул ва ракьцояв – дагъистанияв Романов Асланбекица абулеб буго Мисриялде Хуршилов Багьавудин вачIун вукIанин Польшаялъул генерал Владислав Андерсил армиягун цадахъ Дунялалъул кIиабилеб рагъ лъугьун хадув.

Мисриялда (Египеталда) бугеб Багьавудин Хуршиловасул хоб

1 Старобельский абулеб лагерь гIуцIун букIана 1939 соналъул 19 сентябралда НКВДялъул наркомасул амруялдалъун. Гьенив вукIана 4000-гIан офицер. 1959 соналда КГБялъул бетIер А. Н. Шелепиница загьир гьабураб баяналда рекъон, 1940 соналда гьеб лагералда чекистаз чIвана 3280 офицер.

2. E wa Gruner-Żarnoch, Харьковалда чIварав Польшаялъул офицер Юлиан Груннерил яс.

*хитIаб*

**ХIурматиял «Миллат» газеталъул цIалдолел!**

Редакциялъ хIукму гьабуна иргадулал номеразда, гIадатлъун лъугьараб нилъер «СанагIат гьечIел суалал» рубрикаялъе магIарулазул районазул бутIрузулгун гарачIвариял гьаризе. Гьел рукIине гьечIо хIукуматалъул газетазул форматалда, хIакимзабазе рецц гьабулел хъвайхъвагIаял. Нижеца санагIат гьечIел суалал кьезе ккани ва хIакъикъат рагьизе бокьун батани, гIахьаллъе гьеб ишалда гьоркьор нужги. Нижеда киналго районазда ругел гIунгутIаби лъачIого хутIизе рес буго. Районазда ругел гIунгутIабазул, гьезул цо-цоязул санагIат гьечIел ишазул хIакъалъулъ суалал ритIе редакциялде. Гьебго къагIидаялъ суалал ритIизе бегьила магIарулазул политикаазухъе, министразухъе, депутатазухъе, машгьурал чагIазухъе, щиб пишаялъул гьел ругониги. Гара-чIвариял кьезе руго СМСалдалъун ва электронияб къагIидаялъ почтаялде рачIарал суалазул къадар хIисабалде босун. Гьелго суалал лъезе руго нижеца газеталъул микьабилеб гьумералдаги.Гара-чIвариялъе инкар гьабурал нухмалъулезул ва гьезул хIалтIул рахъалъ редакциялъ районазде ун халкъгун дандчIван кьезе руго макъалаби. Гражданияб жамгIиятги ихтиярал цIунулеб пачалихъги хIакимзабаца гьабулеб жо гуро, гьеб бачIуна халкъалъухъа, гьеб гIуцIизе нилъеда кIвани ахир лъола ришватазеги, коррупциялъеги, халкъалда гьикъичIого тIамулеб тIалъиялъеги ва гIемерал цогидал гIунгутIабазеги. Нилъер цоцаздехун бухьен ва цIогьодулев чиновникасе кьолеб битIараб суал букIине буго гражданияб жамгIияталъул кьучIалъе лъураб тIоцебесеб гамачIлъун. Аллагьас тавпикъги ияхIги кьеги нилъер щивасе хIакъаб рагIи абизе ва унтараб нилъер ватIан лъилъизабизе.

Нижехъе суалал ритIе гьаб адресалда:

**ул. Шоссе аэропорта, 19 А**
**з-й этаж**
**редакция**
**газеты «Миллат»,**
ялъуни электронный адрес:
**bisav@mail.ru**

**тел.: 8-905-476-56-65**

*Васалам.*

*бокьани божа, бокьичIони божуге*

**1883 соналда Гъуниб районалъул Хьиндахъ росулъ бахъараб ясалъул сурат.**

**Инсанас кванилъе сельдерей хIалтIизабулеб бугони гьесул черхалъ жиндиего щолездаса цIикIкIун калориял рухIула.**

Ламадуралда гъорлъ бугеб витамин А кутакалда пайдаяб буго тIомое, канлъиялъе, лага бачIиналъе. Амма цохIо ламадур квананилан канлъи лъикIлъулин абураб жо битIараб гьечIо. Ламадуралъ берзул канлъи лъикIлъизабулин абураб хабар тIоцебе, дунялалъул кIиабилеб рагъул заманалда баккана. Англичаназ ургъун букIана цIияб къаси механалда немцазул бомбардировщикал рихьун бажарулеб радар. Гьеб ургъун букIин лъиданиги лъачIого букIине англичаназ прессаялдаса харбал тIиритIизаруна ламадур кванан, канлъи лъикIлъун рихьулел ругин пилотазда бомбардировщикалилан..

## БИЩУНГО ГIАЖАИБАЛ ЗАКОНАЛ

Англиялъул законалда рекъон парламенталда хвезе гьукъун буго.

* * *

Гьенибго пачалихъалъул къирал вахъараб марка конверталда гIакса чIван бугони гьеб чIварав чи пачалихъалъул тушманлъун лъугьуна.

* * *

Шотландиялъул законазда рекъон хIажат тIубазе виччайин вачIарав чи жаниве виччачIого тезе бегьуларо.

* * *

Нью-Йорк шагьаралда шотландиялъулал гьезухъ чIорбутIги чIоралги ругони гурони чIвазе бегьуларо.

* * *

Моухейв-Каунтиялда сапун бикъулаго тIад ккуни гьеб сапун лъугIизегIан чвердезе тIамула цIогьор.

* * *

Полермоялда чIурканал ва берцинал руччаби гурони купальникалги ретIун ралъдал рагIалде рачIине бегьуларо.

* * *

Аризона штаталда бугеб Томбсоун абулеб шагьаралда 18 сон баралдаса нахъе гьезул цониги цебесеб ца гьечIони релъизе гьукъун буго.

* * *

Нью-Йоркалда гьукъун буго чвантиниб лъун мороженое босизе, лифталъур гаргадизе ва къаси 10 тIубаралдаса хадуб шлепанцаби ретIун хьвадизе.

## Дандерижиялъе да-дандерижи

**Руччабигун кьал ахIарав, жинда щаялиго бихьиназул цIар лъурав "цIекIав МухIама" абурав «багьадурасухъе» рисалат.**

Ле, рилъльадул рифмач, тIаждал багьадур,
ТIад магIарул цIумаз тIутIал кколаро.
ЧIарада мун гIадал чIандачагIазда
«ЦIекIучан» абула, Ягол гъараваш.
Гъазимирзаласе нусго баркала
Чурун бацIцIунареб цIар дуе кьурав.
Кьаву гьелда даим чIвангутIиялъе
Шахтамновасги печать кьабичIищ?
Щай дуе миккил цIул,чаран биунеб,
Чилъи дулъ батани, ле дугIнузул гIел,
ВачIа гьоболлъухъе гьеб мехалъ лъала
Щив кинав вугевлъи дуда якъинго.

**ЧIАРАДИСЕВ**

**Гьумер хIадур гьабуна ПатIимат МахIмудовалъ.**

## МИЛЛАТ «МИЛЛАТАЛДА» КIАЛЪАЛЕБ БУГО

Адабияталда тIаса чIанда хъвалезе баяналъе: Аваразе мисаллъун рукIана Р.ХIамзатов, М. Сулиманов, ГI.Шахтаманов, ХI.Гъазимирзаев, ГI. Хачалов ва цогидалги. Майсаратгун дагIбадулезе гьездаса мисал босани лъикIан, чIандаялъ заман чIвачIого

**8938 … .. 49**

Нуцалгун къеркьезе Хочбар унаро, флешка битIула магъало кьеян. Кьалул кор боркьулев цIияв Ражбадин, Росулъго кьвагьдола чабхъад унаро…

**8928… ..98**

Аллагьас квербакъайги нужее ритIухълъиялъул нухда къеркьезе, аварал кантIулеб калам гьабизе

**8928 … ..96**

«Миллат» газета магIарухъе щолеб гьечIо, щварал нижеца гъираялда цIалана. Гьеб магIарухъе щвеялъе тадбир гьабуни бокьилаан.

**ГьаракIунисев**

***(Нужер почтаялъул отделениязде битIула щибаб номер,гъозда гьаре заказ цIикIкIинабеян. Ред.)***

ЦохIо чиясул хIукмуялъе квер борхизе ункъоялда анцIго депутат щибизе, Москваялъ кьураб садакъаялъ гьел хьихьичIого, магIарул росабалъ хIалтIизе бакIал рагьизе гIакълу гIолеб тIалъи нилъее кида щвелеб?

**8988 … ..41**

ГъалбацIовас хIакимзабазул рахъалъ передачаби гьарула «ГIаданги, гIамалги, заманги» абурал, жиндирго рахъалъ бахъизе лъикIан «ГIаданги, гIамалги, гIарацги…» абураб кино.

**ИштIибурисев.**

Ришват босизе лъаларого МухIу вахъана Москваялъ, кьезе лъачIони МухIамадсаламги вахъила гьез.

**8906 … .. 10**

Дагъистаналъул власталъ рохьилазда данде рагьизе туристал ахIизе рагIула, цо хIурулгIин гIадай туристка цее чIани чучуларел чагIи ругодай рохьол?

**8928 … .. 38**

**Т. 8-905-476-56-65**


## Лъазаби

«Миллат» газета босизе бегьула щибаб магIарулазул райцентразда почтабазул отделениязда, МахIачхъалаялда «Октябрь» кинотеатралда цебе бугеб киоскалда, Буйнакскиясул къотIноб, вокзалалде щолеб бакIалда бугеб газетал ричулеб тукада, автостанциялда.

**Ялъуни ахIе тел.:**

**8-905-476-56-65, 8-988-261-85-25.**

ГIагараб заманалда тIибитIизабизе буго почтаялдаса ва Росспечаталъул киосказдаса.

«Миллат» газета цIализе бегьула интернеталдасан www. maarulal.ru.

«Миллат» газеталъе хIажат руго лъикIго авар мацI лъалел ва компьютералда хIалтIун бажарулел **корреспондентги** газета биччалев **редакторги**. Харж кьезе буго контракталда рекъон. Т.: **8 905 476 56 65.**

*нилъер росаби*



**Гъамсукь росу**


**МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА**
**Миллат**

**Учредитель**:
Журналистский коллектив редакции

**Главный редактор**:
Магомед Бисавалиев

тел: 8-905-476-56-65

**Редколлегия:**
Зульфия Гаджиева
Газимагомед Галбацов
Патимат Гитинова
Закир Магомедов
Патимат Махмудова
Гамзат Дарбишгаджиев

**Редакционный совет:**
Шамиль Алиев
Рамазан Абдулатипов
Сулайман Уладиев

Адрес: ул. Шоссе аэропорта (Каммаева) 19а. тел: 69-60-03
E-mail: millat@gmail.com

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 5-0105 июль 2011 г.

Газета отпечатана в ООО «Лотос», ул. Пушкина, 6.
Заказ № _____ Тираж 3000 экз.